

Pakem ringgit gedog lampahan djaka sumilir

Deskripsi Lengkap: <https://lib.ui.ac.id/detail?id=20156255&lokasi=lokal>

Abstrak

Naskah Djaka Sumilir ingkang kula angge dasaring skripsi punika, klebet kempalanipun Dr. Tn.Pigeaud ingkang sapunika suminpen wonten ing kantor Lembaga Bahasa & Budaya Djakarta. Naskah wau wudjud tik-tikan, katjirenan nomor: A 19 no. 2 Kandelinipun wonten 183 katja, ukuran folio, kaetik wolak-walik. Wawasan bab naskah Djaka Sumilir kados ingkang sampunkasebataken inggingil, ing bebuinan naskah, M.Ng. Sutasukarja mratelakaken bilih pekem gantjaran lampahan Djaka Sumilir punika anggenipun ndapuk pijambak, adedasar wewaton ingkang kaklempakaken saking sakedik sarana pitulunganipun M.Ng.Mlajadimedja, abdi dalem mantri njaga kraton Kasunanan. Tentunipun anggenipun nglempakaken inggih rekaos sanget, punapa malih ngantos pepak, ngantos saget kangge ndapuk pakem gantjaran satunggal lampahan wetah. Langkung-langkung jen ngeneti sampun boten wonten dalang ringgit gedog ingkang sampunipun seserapanipun kados Mas Bekel Hamitjarita, tamtu sangsaja angel anggenipun bade luru katrangan.Ringgit punika katah warninipun, kadosta: ringgit beber, ringgit purwa, ringgit madya, gedog, dupara, krutjil atawi klitik, golek, ringgit kantjil, ringgit topeng, ringgit lss.ipun Ingkang kula rembag ing skripsi punika namung kula pilih ringgit gedog kemawon. Miturut tradisi Djawi, ingkang murwani jasa ringgit gedog punika asma Sinuwun Ratu Tunggul ing Giri.